



**DISTRI LEKÒL REJYON
PALM BEACH, FL**

EXCEPTIONAL STUDENT EDUCATION
3300 FOREST HILL BOULEVARD, A-203
WEST PALM BEACH, FL 33406
PHONE: 561-434-87406 / FAX: 561-434-8384
WWW.PALMBEACHSCHOOLS.ORG/ESE

**KEVIN McCORMICK
DIREKTÈ**

**KEITH OSWALD
SIPÈENTENDAN ADJWEN/DIREKTÈ JENERAL**

**GLENDA SHEFFIELD, Ed.D.
DWAYEN AKADEMIK**

**DIANA FEDDERMAN
ASISTAN SIPÈENTENDAN/TEACHING & LEARNING**

Bousdetid *John M. McKay* pou Pwogram Elèv ki Genyen yon Andikap, tout moun konnen kòm Pwogram Bousdetid McKay (*McKay Scholarship Program*), se yon opsyon chwa lekòl ki kapab disponib pou elèv ki nan lekòl piblik ki genyen yon Plan IEP oswa 504. Yo te kreye pwogram sa a pou bay paran timoun ki genyen yon andikap, opsyon edikasyon. Pou kounye a, plis pase 30,000 elèv nan Florid patisipe nan pwogram sa a. Lè li patisipe nan Pwogram Bousdetid McKay a, pitit ou a kapab ale nan yon lòt lekòl piblik nan distri w la, ale nan yon lekòl piblik nan yon distri vwazen pa w la, oswa resevwa yon bousdetid pou li ale nan yon lekòl prive k ap patisipe.

Pou li elijib pou Pwogram Bousdetid McKay, yon elèv dwe:

- Aplike pou pwogram nan **avan** li soti nan lekòl piblik.
- Genyen yon Plan Edikasyon Endividyèl (*IEP* ann anglè), oswa yon Plan Akomodasyon 504 ki te fèt anba Lwa sou Reyabilitasyon s. 504 ane 1973 (avèk yon dire ki plis pase sis mwa),
ak
- Te enskri epi yo te rapòte l pou finansman nan yon lekòl piblik Florid pou ane lekòl **avan** li te aplike pou yon bousdetid (Klas K-12); **oswa**,
- Te yon elèv matènèl ki te enskri epi yo te rapòte l pou finansman nan yon lekòl piblik Florid pandan ane lekòl avan li te aplike pou yon bousdetid; **oswa**
- Te resevwa sèvis ansèyman espesyalize anba Pwogram Edikasyon Matènèl Volontè nan yon ajans ki aprouve selon atik lwa s.1002.66 pandan ane lekòl avan an; **oswa**
- Te nan lekòl Florid pou moun ki soud ak Avèg pandan sondaj sou elèv ki te manm nan ane lekòl avan an (Klas K-12).

Elèv ki nan Opsyon Lekòl Piblik McKay yo kapab jwen transpò, ki koresponn avèk Pwogram Chwa Distri lekòl la, san yo pa konsidere si yo rete toupre lekòl Chwa a. Paran yo dwe bay transpò rive nan estasyon bis ki pi pre a pou yo kapab elijib. Arè bis yo ap disponib sèlman nan Zòn Transpò Lekòl Chwa pou chak lekòl, epi yo p ap kreye okenn arè adisyonèl. Si yon elèv bezwen yon bis ESE jan sa endike nan IEP li, alò, lekòl Chwa a dwe nan yon distans 10 mil avèk lakay yo.

Pou w konnen si pitit ou a elijib, ou kapab aplike pou Pwogram Bousdetid McKay nan sit entènèt Chwa Lekòl Depatman Edikasyon Florid nan www.floridaschoolchoice.org. Seleksyone lye **McKay Scholarships**, epi **Parents**, e aprè lye ki rele **Apply for a McKay Scholarship** la. Pou jwenn plis enfòmasyon sou opsyon edikasyon pitit ou a genyen, tanpri, kontakte Biwo Chwa Paran nan lekòl ou a nan **561-434-8740**. Ou kapab tou kontakte Depatman Edikasyon Florid, Biwo Edikasyon Endepandan ak Liy Dirèk Enfòmasyon sou Chwa Paran nan **1-800-447-1636**, oswa vizite sit entènèt Chwa Lekòl la nan www.floridaschoolchoice.org epi klike sou lye **McKay Scholarships**.

Pou yon elèv kapab elijib pou pwogram nan, li dwe ranpli yon fòm entansyon pou l patisipe nan Pwogram Bousdetid McKay a sou sit entènèt Chwa Lekòl la avan li soti nan lekòl piblik.

Dat limit pou Opsyon Lekòl Prive:

- Aplike avan oswa nan dat 3 jiyè epi enskri avan oswa nan dat 2 out pou premye peman pou ane lekòl la*
- Aplike avan oswa nan dat 2 septanm epi enskri avan oswa nan dat 2 oktòb pou dezyèm peman pou ane lekòl la*
- Aplike avan oswa nan dat 3 desanm epi enskri avan oswa nan dat 2 janvyè pou twazyèm peman pou ane lekòl la*
- Aplike avan oswa nan dat 31 janvyè epi enskri avan oswa nan dat 2 mas pou katyèm peman pou ane lekòl la*

Sa se dat yo prevwa, konfime nan www.floridaschoolchoice.org

Dat limit pou Plasman nan Lekòl Piblik:

- Peryòd aplikasyon pou Plasman nan otòn nan: 1^{ye} avril-1^{ye} jen
- Peryòd aplikasyon pou Plasman nan ivè a: 1^{ye} Septanm-31 Oktòb

Pou Opsyon Lekòl Piblik:

1. Aplike sou entènèt nan www.floridaschoolchoice.org ant 1^{ye} Fevriye-1^{ye} Jen epi resevwa # konfimasyon.
2. Ale nan www.palmbeachschools.org/mckay pou telechaje Lèt Entansyon Opsyon Lekòl Piblik la.
3. Retounen Lèt Entansyon an bay Biwo McKay Distri a avan oswa nan dat 1^{ye} jen pou out epi 31 oktòb pou janvyè

Pou kesyon, tanpri, rele 561-434-8740.

Tanpri remake enfòmasyon sa a sèvi pou fè w konnen pitit ou a kapab elijib pou patisipe nan Pwogram Bousdetid McKay. **Enfòmasyon sa a pa garanti elijibilite pitit ou a.**

The School District of Palm Beach County, Florida
A Top-Rated District by the Florida Department of Education Since 2005
An Equal Education Opportunity Provider and Employer